



## Kisa Healthcare Bluebook ye?

Ak lòt kesyon moun poze souvan

### PRI

#### Kisa Healthcare Bluebook ye?

Patwon w lan chwazi Healthcare Bluebook™ kòm yon avantaj anplis yon fason pou w kapab achte swen, konpare etablisman yo, ekonomize lajan sou sèvis medikal ou yo.

Èske ou te konnen pri nan rezo a pou menm entèvansyon an kapab varye a plis pase 500% selon etablisman ou chwazi a?

Aplikasyon wèb ak mobil Bluebook lan rann li fasil pou ekonomize lajan sou plizyè sèvis ak entèvansyon medikal komen nan montre ou gam pri yo nan zòn ou an epi nan ba ou plizyè etablisman (vèt) Fair Price™ .

#### Kisa "FAIR PRICE ye"?

Fair Price™ se montan ou ta dwe atann ou pral peye pou yon sèvis oswa entèvansyon epi li baze sou montan reyèl ou peye pou reklamasyon an, se pa montan yo faktire a, ki reflete rabè plan sante a te negosye avèk etablisman an.

Men yon egzant gwo diferans pri ki genyen ant yon etablisman ak yon lòt. Anplis, ou kapab touche rekonpans sou pi bon entèvansyon yo lè w itilize etablisman (vèt) Fair Price™ yo.

### REKONPANS

#### Kijan pou m genyen Go Green pou Jwenn Rekonpans Vèt yo?

Ou kapab jwenn rekonpans senpman lè w ale kay pwofesyonèl swen sante vèt yo pou entèvansyon ki elijib pou rekonpans yo. Bluebook ap fè tout pwosesis la. Pa gen okenn lòt fòm pou soumett

#### Kijan mwen pral resevwa rekonpans lan? Konbyen tan li pran?

Yo pral trete rekonpans yo chak mwa, men yo ka ratade yo akoz tan li pran pou yo faktire ak trete reklamasyon yo. Yo pral voye rekonpans ak lèt eksplikasyon w lan nan adrès ou genyen ki anrejistre kay patwon w lan.

#### Èske fanmi mwen yo elijib pou yo resevwa rekonpans?

Fanmi k ap patisce nan plan sante yo kapab jwenn rekonpans? Men, yo toujou peye anplwaye/moun ki enskri a rekonpans yo.

#### Èske m kapab genyen plizyè rekonpans?

Wi, ou ka resevwa plizyè rekonpans pou entèvansyon yo fè menm jou a. Pa egzant, si w te fè operasyon katarat nan toude je ou, ou pral resevwa de (2) rekonpans apa paske ou itilize yon pwofesyonèl swen sante (vèt) Fair Price™.



Healthcare Bluebook™

# Kesyon Moun Poze Souvan

## Èske yo kenbe enfòmasyon sante m yo sekrè?

Healthcare Bluebook pa pataje enfòmasyon sou anplwaye ni sou sèvis endividylè ou resevwa avèk patwon w lan. Li kenbe tout enfòmasyon swen sante yo sekrè.


## KONFIGIRASYON FASIL

### Kijan pou m jwenn aksè nan Healthcare Bluebook?

#### SOU ÒDINATÈ PÈSONÈL, LAPÒP, AK/OSWA TABLÈT OU:

Konekte ak Healthcare Bluebook epi make paj rechèch la pou jwenn aksè rapid.

[healthcarebluebook.com/cc/mdcps](http://healthcarebluebook.com/cc/mdcps)



KLASMAN  
PRI

Nan oswa Anba  
Pri Rezonab

Yon Tijan  
Anwo Pri  
Razonab

Pi Wo  
Pri

#### SOU TELEFÒN PÒTAB OU:


Telechaje aplikasyon an epi konekte pou w kapab gen Bluebook avèk ou nenpòt lè ou vle pwograme yon entèvansyon.

**Mobile Code: MDCPS1**

Depi w fin konekte, chèche entèvansyon w lan, gade gam pri yo afiche sou ba koulè a, epi glise paj la desann epi gade lis chwa etablisman yo selon pri yo.

Kòd koulè Bluebook la ki pratik rann li fasil pou ou idantifye pwofesyonèl swen sante sa yo selon pri.

*Toujou tcheke estati nan rezò a anvan w pran randevou.*



Gade:  
[healthcarebluebook.com/cc/mdcps](http://healthcarebluebook.com/cc/mdcps)  
**(888) 316-5217**

Telechaje  
Aplikasyon an:



Mobile Code:  
**MDCPS1**